

Chè paran oswa responsab,

Lwa federal egzije pou Lekòl Leta Vil Nouyòk kolekte ak mete nan dosye idantite etnisite ak ras elèv lekòl leta. Yo dwe rapòte enfòmasyon sa yo ba Eta Nouyòk la epi epi kenbe enfòmasyon yo prive ak ansekirite.

Nou bezwen èd ou pou fè travay sa a. Tanpri reponn kesyon sou idantifikasyon etnisite ak ras ki nan do paj sa a. Premye kesyon an ba w yon chans pou fè konnen si pitit ou a gen orijin ispanik, latino oswa panyòl. Dezyèm kesyon an ba w yon chans pou fè konnen ras pitit ou a. Gouvènman federal bay opsyon pou ka chwazi. Tanpri reponn toude kesyon yo.

Nou konprann nati sansib pwosesis la. Opsyon yo ka pa reprezante yon deskripsyon konplè oswa presi sou pwòp idantifikasyon etnisite oswa ras fanmi w. Nou ankouraje w pou itilize bon sans ou lè w ap chwazi opsyon yo. Si w deside pa reponn, règleman federal egzije pou estaf Lekòl Leta Vil Nouyòk reponn nan plas ou.

Yo pa ka refize pran timoun nan yon lekòl leta poutèt ras li, koulè po li, kwayans li, peyi li sòti, sèks li, sèks li idantifye tèt li, poutèt li ansent, sitiasyon imigrasyon/sitwayènte li, andikap li, oryantasyon seksyèl li, relijyon l, oswa etnisite l.¹

Mèsi pou kolaborasyon w.

Eksplikasyon pou paran ak responsab elèv:

Tanpri ranpli fòm ki nan do paj sa a, epi voye l tounen nan lekòl pitit ou a.

Directions for school staff:

File the completed form in the student's cumulative folder as confidential information.

Pwosedi ak règleman sou Konfidansyalite: [Lwa Edikasyon sou Dwa ak Respè Vi prive fanmi](#) (Family Educational Rights and Privacy Act, FERPA) ak [Règleman Chanselye A-820](#) entèdi aksè san otorizasyon ak piblikasyon enfòmasyon ki nan dosye elèv ki ka idantifye yo swa avèk non elèv la swa avèk nimewo idantite elèv la .

¹ Yo ka konsidere ras kòm yon faktè pou pran yon elèv nan yon lekòl sèlman dapre lòd tribinal; sèks (gason/fi) se yon faktè sèlman nan lekòl ki pa mik.

SCHOOL STAFF: PLEASE COMPLETE THIS SECTION

Non elèv la: _____

Dat nesans: _____

Name of School: _____

DBN: _____

Grade Level: _____

Klas ofisyèl: _____

NYC Student ID Number: _____

PARAN OSWA RESPONSAB: TANPRI RANPLI SEKSYON SA ATanpri reponn **toude** kesyon 1 ak 2 yo. Tanpri li yo anvan w reponn yo.

Pou kesyon 1, tcheke kazye ki dekri pitit ou a.

1. Èske elèv la se ispanik, latino, oswa orijin panyòl? Ispanik, latino oswa orijin panyòl vle di yon moun ki sòti Kiba, Repiblik Dominikèn, Meksik, Pòtoriko, Amerik santral oswa Amerikdisid, oswa lòt kilti orijin panyòl, kèlkeswa ras li.

- WI, Ispanik**
- NON, pa Ispanik**

Pou kesyon 2 a, tyeke **tout** bwat ki konsène pitit ou a.**2. Chwazi youn oswa plizyè ras nan senk gwoup ras sa yo.**

- ENDYEN AMERIKEN OSWA NATIFNATAL ALASKA :** Yon moun ki gen orijin nan nenpòt nan premye moun ki t ap viv ann Amerikdinò ak Amerikdisid (ladan Amerik santral). (Kòd ATS: B)
- AZYATIK:** Yon moun ki gen zansèt pami nenpòt nan premye moun ki sòti ekstrèm oryan (ekstrèm oryan), Azi Sid Ès, oswa Sou-Kontinan endyen paegzanp, Kanbòdj, Lachin, End, Japon, Kore, Malezi, Pakistan, Filipin, Taylann, ak Vyetnam. (Kòd ATS: C)
- NATIF AWAYI OSWA MOUN LÒT ZILE PASIFIK:** Yon moun ki gen zansèt li pami nenpòt nan premye moun ki t ap viv Awayi, Guam, oswa lòt zile Pasifik. (Kòd ATS: D)
- NWA:** Yon moun ki gen zansèt li pami nenpòt nan gwoup ras Nwa Afrik yo. (Kòd ATS: E)
- BLAN:** Yon moun ki gen zansèt li pami nenpòt nan premye moun Ewòp, Afrik Nò, oswa Mwayen-Oryan. (Kòd ATS: F)

Siyati Paran/Responsab/Lòt moun/Estaf lekòl la ki prezan Dat _____

Lyen avèk elèv la:

- Paran
- Responsab
- Lòt moun (presize) _____
- (Non) Estaf lekòl la ki prezan: _____